

# Be Red Cross Ready

Prepare so you can protect.



## Prepare pou Dezas Pandan COVID-19

Nou ap travèse yon tan ki difisil pandan ke nou ap konstate enpak maladi pandemi kowonaviris 2019 la yo (COVID-19). Li probab ke COVID-19 ap avèk nou pandan yon bon tan, e se sak fè ke nou dwe prepare nou yon fason ki diferan pou lòt dezaz ki ka afekte kominote nou yo. Li difisil pou panse a sa, men lòt dezaz, tankou tanpèt ak dife forè, ka toujou rive.

Lè ou konnen ki danje ki ka afekte kominote ou ak lè ou aprann kisa ou dwe fè avan, pandan ak aprè chak, sa ap ede ou rete an sekirite, ogmante kapasite ou pou ou adapte, konsa ou ap kapab rekipere ou oswa 'kanpe sou de pye ou' rapidman. Gen mezi ou kapab pran pou prepare ou pandan ke ou toujou ap pwoteje ou kont COVID-19 pandan yon dezaz. Itilize gid sa pou ede ou planifye.

### A ki dezaz ke mwen ka fè fas?

Kèk dezaz. tankou inondasyon ak dife nan kay, ka rive nenpòt ki kote. Lòt, tankou tranbleman de tè ak siklòn, rive pi souvan nan kèk zòn. Pou ou konprann risk lokal ou:

- Itilize the [Kat Entèaktif Lakwa Wouj](#) la pou idantifye ki dezaz ki plis ka rive nan zòn ou an. Abitye tèt ou ak aksyon ou kapab pran pou rete an sekirite; pou fè sa, revize [Bibliyotèk Ijans Lakwa Wouj la](#). Telechaje [Aplikasyon Ijans Gratis Lakwa Wouj](#) la pou konsèy (Chache "American Red Cross" nan boutik aplikasyon yo).
- Chache konnen ki plan de repons kominote ou an genyen pou chak dezaz epi detèmine si plan sa yo te adaptee akòz de COVID-19. Jwenn enfòmasyon kontak pou [gouvènman ak ajans](#) eta, lokal ak tribal yo, ak pou [ajans jestyon ijans eta yo](#).

### Kijan mwen ap reponn a bezwen de baz mwen yo nan yon dezaz pandan yon pandemi?

Dezas ka lakoz chanjman rapid tankou koupe kouran, bloke wout, deranje repons sèvis ijans yo, epi lakoz boutik ak famsi yo fèmen pandan yon tan ki long. COVID-19 ajoute sou konpleksite li. Prepare kounya pou ou ka gen teknik ki enpòtan epi reponn a bezwen ou yo.

- **Aprann teknik ki ka sove lavi ou, tankou Premye Swen ak Reanimasyon kadyopoulmonè.** Lakwa Wouj gen yon varyete [klas sou entènèt](#) pou ou aprann teknik sa yo. Epi tou, telechaje [Aplikasyon Premye Swen](#) gratis la (chache "American Red Cross" boutik aplikasyon yo).
- **Asanble 2 kit materyèl ijans ak kantite medikaman preskripsyon pou 1 mwa.** Kòmanse ak [lis materyèl de baz sa](#). Pèsonalize kit ou a selon sa ou bezwen. Mete ladan dezenfektan ak pwodwi ijyèn tankou savou dezenfektan pou men pou pwoteje ou kont COVID-19. Gen kèk materyèl ki kapab difisil pou jwenn, epi disponibilite yo ap vin pi difisil pandan yon dezaz, kidonk, kòmanse chache yo depi kounya.
  - **Ki pou rete lakay (materyèl ijans pou 2 semèn):** Mete ladan tout bagay ou bezwen pou rete lakay ou pandan omwen 2 semèn tankou manje, dlo, materyèl pou netwayaj kay ak dezenfekte, savon, pwodi an papye ak materyèl pou ijyèn pèsonèl.
  - **Kit evakiyasyon (materyèl pou 3 jou nan yon valiz transpòtab):** Dezyèm kit ou an dwe lejè, pi piti ke ou ka pran ale ak ou si ou ta dwe kite lakay ou byen rapidman. Mete ladan li tout bagay ou bezwen pou ou rete pou kont ou pandan 3 jou -manje, dlo, materyèl ijyèn, ak materyèl pou netwayaj ak dezenfektan ke ou ka itilize pandan wap vwayaje (sèvyèt, dezenfektan ak 60% alkòl ak sèvyèt dezenfektan). Asire ou ke ou gen [bagay an twal pou kouvri figi ou](#), tankou mask, foul, pou tout moun lakay ou ki ka mete youn an tout sekirite. Kouvri figi pa ka ranplase distans fizik. Kontinye kenbe anviwon 6 pye ant oumenm ak lòt moun lèw an piblik. Yo pa sipoze mete kouvèti an twal sou vizaj jèn timoun ki gen mwens ke laj 2 zan, okenn moun ki gen difikilte respire, oswa ki pa an mezi retire kouvèti an poukont li san èd lòt moun.
  - **Kantite medikaman ki ka dire 1 mwa ki gen ladan li medikaman ou ka achte san preskripsyon tankou medikaman pou tous ak lafyèw ak materyèl oswa ekipman medikal.** Kenbe baya sa yo menm kote nan veso ki sepra konsa ou ka pran yo si ou ta bezwe evakiye.

## Kijan mwen ka fè yon plan dezans nan mitan yon pandemi?

Planifye kisa ou pral fè avan, pandan, ak aprè chak tip de dezans, Pou chak ijans gen mezi ki diferan pou pran pou rete an sekirite.

- Revize [Bibliyotèk Ijans Lakwa Wouj](#) pou lis sekirite ak enfòmasyon.
- Telechaje gratis [Aplikasyon Ijans Lakwa Wouj](#) pou konsèy sou sekirite, alèt sou move tan ak plis.
- Jwenn enfòmasyon ki presi sou kijan ou ka pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo kont COVID-19 nan men CDC an nan [cdc.gov/coronavirus/2019-nCoV/index.html](https://cdc.gov/coronavirus/2019-nCoV/index.html) ak Lakwa Wouj nan [redcross.org/coronavirus](https://redcross.org/coronavirus).

### Asire ou ke ou ka kapab okouran rapidman de yon danje.

Gen aksè a alèt move tan ak mesaj ki noti nan kominote yo. Asire ou ke ou ka resevwa mesaj ofisyèl yo menm nan lè pa gen kouran. Toujou swiv konsèy otorite leta ak otorite lokal yo.

- Anrejistre pou resevwa alèt ijans gratis ke kominote ou a gendwa ofri. Panse a achte yon radyo a pil oswa telechaje gratis [Aplikasyon Ijans Lakwa Wouj la](#).
- Konnen ki tip de mesaj pou ou atann e kisa ou bezwen fè lè ou resevwa yo. Pa egzanp, yon "prepare" vle di ke ou ta dwe prepare ou pou ou aji; yon "avètisman" vle di ou ta dwe aji imedyatman.
- Aprann sign natirèl de danje yo — ou gendwa pa toujou resevwa yon alèt ofisyèl.
- Akoz ke COVID-19, rete okouran sou konsèy ak restriksyon ki soti nan men otorite sante eta ak lokal yo paske sa gendwa afekte aksyon ou yo ak resous ak etablisman ki disponib.

**Rete oswa Ale?** Kèk dezans mande pou ou rete an plas pou rete an sekirite. Lòt dezans mande pou ou ale yon lòt kote pou ou rete an sekirite. Si ou bezwen ale yon lòt kote, panse anpil a kesyon sa yo:

- *Ki kote mwen prale?*
- *Kijan m ap fè pou ale la?*
- *Ki kote mwen pral rete?*
- *Kijan mwne ka ede pwoteje tèt mwen kont COVID-19?*
- *Kisa map pote ak mwen?*

Pa egzanp, nan yon [tanpèt](#) oswa yon [dife forè](#), ou ka bezwen kite lakay ou rapidman epi wwayaje ale yon kote ki an sekirite deyò zòn ki afekte an. Si otorite yo konseye ou pou w evakiye, prepare ou pou ou ale imedyatman avèk kit evakiyasyon ou ("valiz transpòtab" ki gen materyèl ijans yo).

- Planifye kounya si ou pral bezwen èd deplase oswa si ou bezwen pataje transpòtasyon.
- Mande zanmi ak fanmi ou ki nan zòn ki pa afekte si ou kapab rete avèk yo. Tyeke pou wè si yo gen sentom COVID-19 oswa si yo gen moun lakay yo ki prezante pi gwo risk de maladi grav. Si yo gen sentom oswa gen moun lakay yo ki gen pi gwo risk, fè lòt aranjman. Tyeke avèk otèl, motel, tèren camping pou w wè si yo ouvè. Chache konnen si ajans de jestyon ijans lokal ou a adapte planabri pwovizwa li yo.
- Si ou bezwen evakiye, fè yon plan sou ki kote ou prale (fanmi, zanmi) epi konnen ki resousabri pwovizwa ki disponib nan kominote ou an atravè aplikasyon ijans yo oswa mesaj ki soti nan men otorite pou jestyon ijans loka yo.

## Si mwen separe de fanmi mwen, kijan mwen pral rekonekte ak yo?

Kreye yon plan pou ou rekonekte ak pwòch ou yo si rezon kominikasyon yo ta tonbe. Ou dwe gen yon batery de rechanj pou rechaje telefòn selilè ou.

- Ranpli yon [kat kontak](#) pou chak manm nan fwaye ou, epi asire ou ke yo mache ak li.
- SMS pi bon. Yon sms ka pase lè yon apèl telefonik pa pase.
- Dezinye yon kontak ki nan yon lòt vil ki ka ede fanmi ou rekonekte. Li ka pi fasil pou ou jwenn moun ki pa nan zòn ki afekte a.
- Planifye yon kote nou ap rankontre lè sa posib pou fèt:
  - Nan yon kote espesifik, a yon distans ki sekirite ase de lakay ou si ta gen yon dife kay.
  - Yon kote ki pa nan katye ou, sizoka ou pa ka retounen lakay ou oswa siou dwe evakiye.
- Familyarize ou ak [sit entènèt Sekirite ak Byennèt Lakwa Wouj Ameriken](#) an sizoka ou ta bezwen èd pou rekonekte. in case you need help to reconnect.

## Ki dokiman enpòtan ke mwen bezwen rekipere rapidman?

Lè ou gen dokiman ou yo sa ap ede ou re mete ou rekipere ou tou swit apre yon dezans. Pwoteje dosye pèsònèl, finansye, medikal ak lòt dosye yo. Dokiman enpòtan gen ladon:

- Ak de nesans, paspò, ka Sosyal Sekirite
- Mete a jou dènye foto dijital pwòch ou yo chak sis mwa, espesyalman pou timoun
- Dokiman asirans, akt, ipotèk, lwaye ak kòb prete.
- Lis medikaman, alèji ak ekipman medikal.
- Foto objè de valè ke ou ta vle mete nan yon reklamasyon asirans

Pou enfòmasyon detaye sou planifikasyon finansye pou yon dezans, gade [Dezas ak Planifikasyon Finansye](#) ak [Kit Premye Swen Ijans Flnansye](#).